



**UJIAN MADRASAH  
MI PSM NGALE  
TAHUN PELAJARAN 2025 /2026**

**LEMBAR SOAL**

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Jenjang	: Madrasah Ibtidaiyah
Hari/Tanggal	: Senin, 11 Mei 2026
Waktu	: 07.30 – 09.30 WIB

1. ***Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!***  
Sekolah iku panggonan kanggo golek ilmu. Saben bocah wajib sinau supaya pinter.  
Panggonan kanggo golek ilmu tumrap para siswa yaiku...
  - A. Pasar
  - B. Sekolah
  - C. Sawah
  - D. Rumah Sakit
2. Nalika mlebu kelas lan ketemu Pak Guru ing wayah esuk, sing kudu diucapake yaiku...
  - A. Sugeng enjang, Pak
  - B. Ayo dolan, Pak
  - C. Kula badhe wangsul
  - D. Mangga dhahar
3. ***Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!***  
Dina iki aku seneng banget amarga entuk biji satus saka Bu Guru nalika ulangan Matematika. Bijiku dadi sing paling dhuwur ing kelas.  
Apa kang njalari paraga 'aku' ngrasa seneng banget?
  - A. Ditumbasake jajan kancane
  - B. Entuk biji satus nalika ulangan
  - C. Ora ana tugas saka sekolah
  - D. Bisa dolanan ing lapangan
4. ***Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!***  
Tumindak sregep sinau iku bisa ndadekake masa depan luwih padhang. Aja kesed, amarga wong kesed iku bakal ngalami kapitunan ing tembe mburi.  
Pitutor luhur kang bisa kajupuk saka wacan ing dhuwur yaiku...
  - A. Kudu sregep dolan supaya ati seneng
  - B. Aja seneng srawung karo kanca
  - C. Kudu sregep sinau supaya masa depane padhang
  - D. Kesed iku sipat sing kudu diuri-uri
5. Ing silsilah kulawarga, sedulur tuwa saka Bapak utawa Ibu diarani...
  - A. Bulik
  - B. Pakdhe / Budhe
  - C. Simbah
  - D. Paklik
6. Bapak lagi maca koran. Yen diowahi dadi basa krama alus (krama inggil) dadi...
  - A. Bapak nembe maos koran

- B. Bapak lagi maos koran
- C. Bapak saweg maca koran
- D. Bapak nembe maca koran

7. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!**

Saben dina Ahad, kulawargane Danu kerja bakti ngresiki omah. Bapak ngresiki selokan, Ibu olah-olah ing pawon, Danu nyapu latar, dene adhine ngelapi kaca jendela.

Sapa sing kebagean tugas nyapu latar?

- A. Bapak
- B. Ibu
- C. Danu
- D. Adhi

8. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!**

Bapakku asmane Pak Bima. Panjenengane iku wong sing sabar banget lan ora tau duka marang putra-putrane. Senajan sayah makarya sedina muput, Pak Bima tansah mesem yen tekan ngomah.

Kepriye wewatakane Pak Bima miturut wacan kasebut?

- A. Seneng duka marang bocah
- B. Sabar banget lan ora tau duka
- C. Kesed lan gampang nesu
- D. Kurang gemati marang kulawarga

9. **Gatekna gambar ing ngisor iki!**



Pahlawan nasional ingkang misuwur minangka pejuang emansipasi wanita kang jumbuh karo gambar kasebut asmane...

- A. Cut Nyak Dien
- B. R.A. Kartini
- C. Dewi Sartika
- D. Martha Christina Tiahahu

10. Salah sawijining nilai kepahlawanan kang kudu kita tuladha yaiku...

- A. Rela bekorban mbelani bener
- B. Seneng pamer kekiyatan
- C. Ngutamakake kepentingan pribadi
- D. Wani marang wong tuwa

11. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!**

Pangeran Diponegoro nglawan pamarentah kolonial Walanda kanthi gagah prakosa. Panjenengane nggunakake taktik perang gerilya, yaiku perang kanthi cara dhelik-dhelik lan nyerang dadakan.

Pangeran Diponegoro nggunakake taktik perang apa nalika nglawan Walanda?

- A. Perang gerilya
- B. Perang terbuka
- C. Perang tanding
- D. Perang puputan

12. Ing jaman saiki, sikap kepahlawanan tumrap para siswa bisa diwujudake kanthi tumindak...

- A. Melu perang nglawan penjajah
- B. Sregep sinau lan njaga kerukunan
- C. Nglanggar aturan tata tertib sekolah
- D. Turu wae ing njero kelas nalika pamulangan

13. Gotong royong iku tegese nyambut gawe kanthi...

- A. Dhewe-dhewe
- B. Dipeksa wong liya
- C. Bebarengan
- D. Njaluk bayaran

14. Ing ngisor iki kang kalebu tuladha kagiyatan gotong royong ing lingkungan desa yaiku...

- A. Nggarap ujian sekolah bebarengan
- B. Gugur gunung ngresiki dalan desa
- C. Tuku jajan ing warung ngarep omah
- D. Turu bebarengan ing teras omah

15. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!**

Dina Minggu esuk warga Desa Sukamaju padha nglumpuk ing lapangan. Kanthi guyub rukun warga resik-resik desa supaya desane resik lan sehat. Ana sing babat suket, mbukak kalenan, lan ngobong uwuh.

Apa ancasa (tujuane) warga Desa Sukamaju nglakoni resik-resik bebarengan?

- A. Supaya entuk bayaran
- B. Supaya desane dadi resik lan sehat
- C. Kanggo ngisi wektu luang wae
- D. Amarga dipeksa dening Pak Kades

16. **Gatekna gambar ing ngisor iki!**



TANGGUNG JAJAWAB BERSAMA DI KELAS

Sikap sing patut dituladha saka gambar kasebut yaiku...

- A. Kesed
- B. Kerukunan lan kerja sama
- C. Kemlinthi
- D. Dhemen pasulayan

17. Tembang macapat iku cacahé kabeh ana...

- A. 9
- B. 10
- C. 11
- D. 12

18. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!**

Ngelmu iku kalakone kanthi laku Lekase lawan kas Tegese kas nyantosani Setya budaya pangekese dur angkara

Gatra sepisan tembang ing dhuwur ngemu teges...

- A. Golek ilmu iku kudu dikantheni laku utawa usaha
- B. Ilmu iku bisa teka dhewe tanpa digoleki
- C. Golek ilmu cukup mung turu wae
- D. Wong golek ilmu iku kudu nglawan angkara

19. Jinise tembang macapat kang watake sembrana parikena, lan biasane digunakake kanggo cangkriman, yaiku tembang...

- A. Dhandhanggula
- B. Pocung
- C. Pangkur
- D. Sinom

20. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!**

Sekar gambuh ping catur Kang cinatur polah kang kalantur Tanpa tutur katula-tula katali Kadaluwarsa katutuh Kapatuh pan dadi awon

Pitutur luhur saka tembang Gambuh kasebut nyegah supaya manungsa ora nglakoni...

A. Sregep sinau lan moco

B. Tumindak ala kang kalantur

C. Nulung marang pepadha

D. Bekti marang bapak lan ibu

21. Karangan utawa karya sastra Jawa kang bebas lan ora kaiket dening paugeran tartamtu (kaya guru gatra, wilangan, lan lagu) diarani...

A. Geguritan

B. Gancaran

C. Tembang Macapat

D. Parikan

22. *Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!*

Pahlawanku Wutahing ludirmu Nyiram ibu pertiwi Nadyan sang ibu Kudu muwun sedhah Karajang-rajang manahipun...

Apa irah-irahan (judul) geguritan ing dhuwur?

A. Ibu Pertiwi

B. Ludirmu

C. Pahlawanku

D. Sedhah

23. *Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!*

Saben esuk Ibu wis tangi njupuk banyu wudhu. Rampung sholat banjur olah-olah ing pawon kanggo sarapan kulawarga. Rasa sayah sawise makarya ora tau dirasakake.

Teks ing dhuwur kalebu jinising teks...

A. Gancaran

B. Geguritan

C. Tembang

D. Tembang Campursari

24. *Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!*

Lingkungan kang resik bisa ndadekake urip dadi sehat. Saben warga kudune njaga kebersihan lingkungan kanthi cara mbuwang sampah ing panggonane, ora ing sembarang papan.

Tema utama saka wacan ing dhuwur yaiku...

A. Pendhidhikan

B. Pariwisata

C. Lingkungan lan karesikan

D. Kesenian

25. Cacahe aksara Jawa legena (aksara dasar) iku ana pira?

A. 15

B. 20

C. 25

D. 30

26. *Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!*

ꦠꦸꦏꦸꦧꦸꦏꦸ

Tulisan aksara Jawa ing dhuwur yen diwaca unine...

A. tuku buku

B. maca buku

C. sapa iku

D. mara mrono

27. Tembung 'tuku tahu' yen ditulis nganggo aksara Jawa yaiku...

- A.
- B.
- C.
- D.

28. *Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati!*

Ukara aksara Jawa ing dhuwur yen disalin ing wujud aksara Latin dadi...

- A. aku mlaku
  - B. kowe sinau
  - C. aku sinau
  - D. bapak kondur
29. Piranti sing biasane digunakake dening murid kanggo nulis piwulangan ing buku tulis yaiku...
- A. Potlot lan pulpen
  - B. Sapu lan cikrak
  - C. Pacul lan arit
  - D. Wajan lan suthil
30. Anak kang lair nomer siji ing kaluwarga biasane diarani anak...
- A. Wuragil
  - B. Tengah
  - C. Pembarep
  - D. Kembar
31. *Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!*  
Ing ngisor iki kang kalebu pahlawan nasional saka tanah Jawa yaiku...
- A. Pangeran Diponegoro
  - B. Ki Hajar Dewantara
  - C. Sultan Hasanuddin
32. *Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!*  
Tuladha kagiyatan gotong royong ing lingkungan sekolah yaiku...
- A. Piket resesik kelas bebarengan
  - B. Nggarap ulangan bebarengan amarga ora sinau
  - C. Kerja bakti ngresiki latar lan taman sekolah
33. *Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!*  
Ing ngisor iki kang kalebu arane tembang macapat yaiku...
- A. Maskumambang
  - B. Kinanthi
  - C. Prau Layar
34. *Pilihèn luwih saka siji wangsulan kang bener kanthi menehi tandha centhang (✓)!*  
Titikane (ciri-ciri) geguritan gagrag anyar yaiku...
- A. Ora kaiket dening guru gatra, guru wilangan, lan guru lagu
  - B. Basa kang digunakake endah lan mentes

C. Wajib kawiwitan nggunakake tembung 'sun gegurit'

35. **Pilihèn luwih saka siji wangsulane kang bener kanthi menehi tandha cethang (✓)!**

Tembung ing ngisor iki kang penulisanane ing aksara Jawa mbutuhake sandhangan wulu (i) yaiku...

- A. Siji
- B. Iki
- C. Loro

36. **Wacanen teks ing ngisor iki kanthi premati! Wenehana tandha ping (X) utawa cethang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!**

Saben esuk Budi budhal sekolah jam enem. Budi duwe tekad sing kuat supaya dadi bocah pinter. Ing sekolah Budi nggatekake pamulangan saka Bapak Ibu Guru.

Adhedhasar teks kasebut, titingana pranyatan ing ngisor iki!

Pernyataan	Bener	Luput
Budi budhal sekolah jam setengah pitu.		
Budi duwe tekad supaya dadi bocah pinter.		
Budi tansah nggatekake pamulangan guru.		

37. **Gatekna tabel ing ngisor iki! Wenehana tandha ping (X) utawa cethang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!**

Ngoko	Krama Alus
Mangan	Dhahar
Turu	Sare
Lunga	Tindak

Adhedhasar tabel kasebut, titingana pranyatan ing ngisor iki!

Pernyataan	Bener	Luput
Tembung 'Mangan' basa krama aluse 'Maos'.		
Tembung 'Turu' basa krama aluse 'Sare'.		
Tembung 'Lunga' basa krama aluse 'Tindak'.		

38. **Wenehana tandha ping (X) utawa cethang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!**

Titingana pranyatan babagan kepahlawanan ing ngisor iki bener utawa luput!

Pernyataan	Bener	Luput
R.A. Kartini iku pahlawan emansipasi wanita.		
Sikap rela berkorban mbelani negara ora perlu dicontoh dening generasi mudha.		
Pahlawan berjuang tanpa pamrih kagem mardikaning bangsa.		

39. **Wenehana tandha ping (X) utawa cethang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!**

Titingana pranyatan babagan gotong royong ing ngisor iki bener utawa luput!

Pernyataan	Bener	Luput
Gotong royong ndadekake gaweyan abot dadi luwih entheng lan cepet rampung.		
Gotong royong mung bisa dilakoni ing lingkungan masyarakat.		
Guyub rukun kalebu wohing tumindak gotong royong.		

40. *Wenehana tandha ping (X) utawa centhang (✓) ing pilihan Bener utawa Luput manut pranyatan kang trep!*

Titingana pranyatan babagan aksara Jawa ing ngisor iki bener utawa luput!

Pernyataan	Bener	Luput
Sandhangan pepet nduweni swara 'e' kados ing tembung 'seger'.		
Sandhangan wulu minangka pangganti swara 'u'.		
Sandhangan taling tarung ndadekake aksara ngemu swara 'o'.		